



**DEPATMAN LOJMAN PIBLIK AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (PHCD)
PWOGRAM BON POU CHWA LOJMAN (HCV) SEKSYON 8
Ouvèti Lis Datant 2024**

KESYON MOUN POZE SOUVAN (FAQ)

1) ÈSKE MWEN ELIJIB?

Tout moun ki gen laj 18 an oswa plis, yo elijib pou yo soumèt yon aplikasyon pou Lis Datant Bon pou Chwa Lojman (HCV) Seksyon 8 2024 la Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade la.

Nan moman seleksyon an, aplikan yo dwe ranpli kondisyon pwogram nan ak limit revni pou moun lakay yo, ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) te kreye yo. Men limit revni pou ane 2023 a:

KONTE MIAMI-DADE – LIMIT REVNI POU AF 2023 A - Apati 11 me 2023								
Konpozisyon Fwaye a	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Anyèl Fwaye a	\$ 36,150	\$ 41,300	\$ 46,450	\$ 51,600	\$ 55,750	\$ 59,900	\$ 64,000	\$ 68,150

2) KILÈ YO AP AKSEPTE APLIKASYON?

Pwosesis pou soumèt, aplikasyon Bon pou Chwa Lojman Seksyon 8 (HCV) 2024 la ap kòmanse **lendi 5 fevriye 2024 a 12:00 a.m. (Minui)** epi l ap fini **lendi 19 fevriye 2024 a 11:59 p.m.**

Nou pap aksepte okenn aplikasyon anvan oswa apre peryòd sa a. Aplikasyon an ap disponib an anglè, kreyòl ak espanyòl.

3) KIJAN MWEN KAPAB SOUMÈT APLIKASYON MWEN?

Nou pral aksepte aplikasyon **2024 Lis Datant nan Pwogram Bon pou Chwa Lojman Seksyon 8** la Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade la **SÈLMAN ANLIY** <https://miamidadevoucher.myhousing.com> oswa lè w itilize kòd QR nou mete la a.

Kòd QR



Moun kapab soumèt aplikasyon yo pa mwa òdinatè, tablèt, telefòn entelijan, oswa yon lòt aparèy ki kapab konekte avèk entènèt. Ou dwe gen aksè a entènèt pou w ranpli aplikasyon anliy la. Pwosesis anliy la pèmèt moun aplike nenpòt lè oswa nenpòt kote ki bon pou yo, kèlkeswa orè travay yo epi li elimine bezwen pou moun kanpe nan liy byen long.

PA P GEN APLIKASYON SOU PAPYE KI DISPONIB, NOU PA P AKSEPTE APLIKASYON SOU PAPYE.

4) E SI MWEN PA GEN AKSÈ A ENTÈNÈT?

Si ou pa gen aksè a entènèt oswa ou pa gen yon aparèy pou w konekte, pou w soumèt aplikasyon an epi si w bezwen èd pou w ranpli demann ou anliy, ou ka ale nan youn nan kote ki make pi ba a ant 5 fevriye 2024 e 19 fevriye 2024, lendi rive vandredi, soti 9:30 a.m. rive 5:30 p.m., eksepte jou fèt, oswa ou kapab rele 311 pou w mande enfòmasyon, oubyen tou ou kapab soumèt yon demann anliy nenpòt lè pandan peryòd la ki ouvè pou moun soumèt demann anliy. Nou ankouraje w vizite sitwèb PHCD nan <https://www.miamidade.gov/housing> pou w sa jwenn plis lokal ak/oswa plis enfòmasyon.

Biwo / Sant – Zòn	Adrès
Bibliyotèk prensipal - Zòn Anba Lavil	101 West Flagler Street, Miami, FL 33130
Bibliyotèk rejyonal North Dade	2455 NW 183 Street, Miami Gardens, FL 33056
Bibliyotèk Rejyonal Westchester	9445 Coral Way, Miami, FL 33165
Bibliyotèk Rejyonal South Dade	10750 SW 211 Street, Cutler Bay, FL 33189
Bibliyotèk Rejyonal Miami Beach	227 22 nd Street, Miami Beach, FL 33139
Bibliyotèk West Flagler Branch	5050 W. Flagler, Miami, FL 33134
Curtiss e-Bibliyotèk - Vil Hialeah	501 E. 4 th Avenue, Hialeah, FL 33010
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Accion	970 SW 1st Street, 4th Floor, Miami, FL 33130
Aksyon Kominotè ak Sèvis Imen – Culmer	1600 NW 3rd Avenue, Miami, FL 33136
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Edison	150 NW 79th Street, Miami, FL 33150
Aksyon Kominotè ak Sèvis I Sosyal - Florida City	1600 NW 6 th Court, Florida City, FL 33034
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Frankie S. Rolle/Coconut Grove	3750 South Dixie Highway, # 117, Miami, FL 33133
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Rev. Edward T. Graham/Miami Gardens	16405 NW 25 th Avenue, Miami Gardens, FL 33054
Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal - Naranja	13955 SW 264 th Street, Naranja, FL 33032

5) KI ENFÒMASYON KI NESESÈ POU RANPLI APLIKASYON AN?

Ou dwe genyen enfòmasyon annapre yo disponib pou chèf fwaye a (HOH) ak pou tout lòt manm fwaye a.

- Non konplè
- Sèks
- Dat nesans
- Ras
- Etnisite
- Eitati sitwayènte
- Nimewo Sekirite Sosyal
- Eitati veteran
- Adrès postal aktyèl, nimewo telefòn, ak adrès imel
- Eitati andikap ak/oswa bezwen espesyal
- Manm fanmi an ki poko jwenn yon nimewo sosyal (SSN) dwe siyen yon atestasyon nan moman entèvyou inisyal elijibilite a, pou deklare yo pa genyen nimewo sosyal.
- Manm fanmi an dwe ranpli egzijans HUD sou estati sitwayènte oswa estati imigrasyon yo.

Remak: Nou kolekte enfòmasyon sou etnisite ak ras pou rezon estatistik sèlman.

6) **ÈSKE MOUN KI GEN ANDIKAP KAPAB JWENN ASISTANS POU EDE YO RANPLI YON APLIKASYON?**

Wi, moun ki gen adikap ka mande èd pou yo ranpli aplikasyon an lè yo kontakte biwo pwogram HCV Seksyon 8 la nan (786) 654-8440, ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi rive vandredi, eksepte jou konje.

7) **KÒMAN MWEN VA KONNEN SI DEMANN MWEN AN TE SOUMÈT POU PWOSESIS CHWA OAZA KI KREYE NAN ÒDINATÈ A?**

Depi w fin bay tout enfòmasyon obligatwa yo nan demann ou a, ou va resevwa yon nimewo konfimasyon pou rekonèt ou reyisi transmèt demann nan.

8) **SI MWEN SOUMÈT PLIS PASE YON DEMANN, ÈSKE M AP GENYEN PLIS CHANS POU YO SELEKSYONE MWEN POU METE M SOU LIS DATANT LAN?**

Non, tout aplikasyon moun ranpli epi yo soumèt pandan peryòd ouvè pou moun soumèt demann anliy la, va genyen **menm opòtinite pou yo antre otomatikman nan pwosesis oaza ki kreye nan òdinatè a**, kèlkeswa dat oswa lè soumisyon an te fèt la.

Soumisyon yon aplikasyon pa garanti plasman sou lis datant HCV Seksyon 8 la.

9) **KI LÈ PWOSESIS CHWA OAZA KI KREYE NAN ÒDINATÈ A PRAL FÈT?**

PHCD konte mennen pwosesis chwa oaza ki kreye nan òdinatè a ant de (2) a twa (3) semèn apre peryòd soumisyon aplikasyon yo fini.

10) **KONBYEN APLIKASYON YO VA SELEKSYONE POU PLACE NAN LIS DATANT LAN?**

Se 5,000 aplikasyon sèlman yo pral seleksyone oaza pou plase nan lis datant sa a.

11) **KI LÈ MWEN VA KONNEN YO SELEKSYONE MWEN OAZA POU PWOGRAM NAN?**

Yon fwa yo fin triye aplikasyon yo oaza epi yo asiyen nimewo klasman an, ou va kapab tcheke estati w avèk nimewo konfimasyon ou nan <https://miamidadevoucher.myhousing.com/webApp/lotterychecker> oswa lè w rele nimewo 786-654-8440 oswa nimewo (786) 469-4100. Si yo seleksyone w, pòtay aplikasyon va afiche klasman ou pou lis datant lan, epi tou li va kite w mete kowòdone w ajou. Si w pa jwenn yon plasman, sa vle di yo pat seleksyone w.

Epi tou, si yo seleksyone ou pou yon plasman sou lis datant lan, **nou va avize w alekri nan adrès postal ak/oswa nan adrès imel ou te bay nan moman soumisyon an.**

12) **MWEN SANZABRI. ÈSKE MWEN GEN YON PREFERANS?**

Wi. Yo pral chwazi aplikan (yo) ki bay yon nimewo klasman dapre kategori preferans sa: 1) PHCD sispann ou akòz Ensifizans Fon; 2) Deplasman akòz Dezas Natirèl; 3) Deplasman akòz Desizyon Gouvènman; 4) Sanzabri; 5) Veteran; 6) Preferans Prensipal; 7) Preferans Rezidans nan Konte Miami-Dade.

13) ÈSKE MWEN KAPAB PALE AVÈK YON MOUN SI MWEN GEN PLIS KESYON KONSÈNAN PWOSESIS APLIKASYON AN?

Wi. Kòmanse jedi **4 janvyè 2024**, ou ka kontakte biwo Bon pou Chwa–Lojman Seksyon 8 Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade lè w rele **(786) 654-8440** ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi rive vandredi, eksepte jou konje.

14) SI YO SELEKSYONE MWEN. MEN MWEN DEMENAJE PANDAN PWOSESIS LA. KÒMAN MWEN KAPAB AKTYALIZE ADRÈS MWEN?

Si yo seleksyone ou pou lis datant lan, nou va avize w alekri nan adrès postal ak/oswa nan adrès imel ou te bay nan moman soumisyon an. Si ou pa reponn notifikasyon nou yo, oswa lèt nou voye ba wou a tounen paske li pa ka delivre, **NOU VA RETIRE NON OU SOU LIS DATANT LAN.**

Si ou gen chanjman nan adrès, nimewo telefòn, revni, kantite moun nan fanmi w, ou dwe avize pwogram nan nan lespas 10 jou ouvrab apre chanjman an. TOUT CHANJMAN DWE FÈT ALEKRI E YO KAPAB RANPLI NAN PÒTAY APLIKASYON PWOGRAM NAN.

TANPRI FÈTATANSYON: APLIKE POU LIS DATAN HCV SEKSYON 8 LA GRATIS.

SA A SE SÈL LÈ KOTE OU KAPAB APLIKE. PHCD PAP JANM MANDE YON NIMEWO KAT KREDI OSWA EGZIJE YON RAPÒ KREDI POU OU KAPAB APLIKE. SÈL SITWÈB KI GENYEN POU MOUN APLIKE POU LIS DATANT HCV SEKSYON 8 SE: <https://miamidadevoucher.myhousing.com>



PHCD pa fè diskriminasyon dapre ras, sèks, koulè, relijyon, eta sivil l, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl, sitiyasyon kòm yon viktim vyolans domestik, vyolans mennaj, oswa asèlman, sous revni, laj, gwosès oswa sitiyasyon familial, nan kad aksè, admisyon, oswa travay nan pwogram oswa aktivite lojman. Si ou bezwen yon entèprèt lang siy oswa materyèl nan fòma aksesib pou evènman sa a, rele 786-469-2155 omwen senk jou davans. Itilizatè TDD / TTY ka kontakte Sèvis Relè Florid (Florida Relay Service) nan 800-955-8771.